

TEMPERAMENE PARAGA SAJRONE NOVEL “CARANG-CARANG GARING” ANGGITANE TIWIEK SA.

(TINTINGAN PSIKOLOGI KAPRIBADEN LUDWIG KLAGES)

SELVY RETNOWATI

Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitan Negeri Surabaya

selyretnowati@mhs.unesa.ac.id

ABSTRAK

Novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA. nuduhake kakuwatan ana ing perangan temperamene paraga. Prakara mbaka prakara dumadi lan bisa nuwuhake temperamene paraga saengga mujudake babagan kang onjo.

Prakara kang dadi undheran panliten, yaiku (1) Kepriye sipate paraga?; (2) Kepriye wujud temperamene paraga?; lan (3) Kepriye akibat tumrap paraga saka temperamene paraga sajrone novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA? Adhedhasar undheran ing ndhuwur, panliten iki nduweni ancas kanggo: (1) Ngerteni sipate paraga; (2) Ngerteni wujud temperamene paraga; lan (3) Ngerteni akibat tumrap paraga saka temperamene paraga sajrone novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA.

Kanggo ngandharake sistem kapribadene manungsa. Klages mbangun modhel sistem kapribaden. Telung sistem kasebut, yaiku: Temperamen, Pangrasa, lan Daya Ekspresi. Saka katelu sistem kasebut, sajrone panliten iki kang onjo babagan temperamene paraga. Temperamene paraga kasebut bisa kawedhar lumantar sipat. Sawise ngerteni sipat lan wujud temperamene banjur tuwuh akibat saka temperamen.

Panliten iki kagolong panliten dheskriptif kualitatif. Dhata sajrone panliten iki arupa ukara-ukara ngenani temperamene paraga. Sumber dhata panliten iki yaiku novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA. Tata cara ngelumpukake kanthi teknik maca lan ngerteni, nemtokake kedadeyan-kedadeyan, lan ngumpulake dhata kang sesambungan karo obyek banjur dianalisis ngunakake analisis dheskriptif. Teori kang digunakake yaiku teori psikologi sastra, mligine teori kapribaden Ludwig Klages.

Asil saka panliten iki kaperang dadi telu, kapisan sipate paraga. Sipate paraga ana papat, yaiku ambisius, gampang percaya, andhap asor lan manut. Sipat ambisius lan gampang percaya sesambungane karo temperamen sanguinis. Dene andhap asor lan manut sesambungan karo temperamen phlegmatis. Kapindho ngenani wujud temperamene paraga diperang dadi loro yaiku temperamen sanguinis lan temperamen phlegmatis. Katelu ngenani akibat tumrap paraga saka temperamene. Paraga kang nrima akibat yaiku paraga kang nduweni temperamen sanguinis. Akibat kang ditandang yaiku wedi, getun lan pasrah.

Tembung Wigati: Sipat, Temperamen, lan Kapribaden.

PURWAKA

LELANDHESAN PANLITEN

Karya sastra yaiku ekspresi panguripane manungsa sing ora uwal saka bebrayan. Manungsa lan panguripane iku wewujudan saka mula bukane reriptan sastra (Endraswara, 2008: 78). Karya sastra bisa diarani minangka perangan saka proses sosial lan kabudayan. Karya sastra uga nggayutake maneka prakara panguripan ing masarakat iku, karya sastra bisa ditintingi kanthi pamarekan disiplin ilmu.

Karya sastra ana rong wujud, yaiku fiksi lan nonfiksi. Karya fiksi, kayata: prosa, puisi, lan drama. Dene karya nonfiksi, kayata: biografi, autobiografi, esai, lan kritik sastra. Prosa minangka wujud karya sastra fiksi kang uga diperang ing wujud-wujud liya, salah sawijine yaiku novel. Novel kabangun saka unsur intrinsik lan ekstrinsik. Salah sawijine unsur intrinsik kang ditengenake pangriptane karya sastra ana ing perangan paraga lan pamaragan. Miturut Nurgiyantoro (1995:165), paraga nuduhake pawongan kang ana ing crita, dene pamaragan yaiku panggambaran kanthi cetha ngenani pawongan kang

ana sajrone crita, iki ana gegayutane karo sipat. Sipat nuduhake sesambungan raket karo jiwane manungsa. Iki ora uwal saka analisis psikologi, kang ngupaya medharake kapribadene manungsa.

Analisis psikologi tumrap karya sastra utamane fiksi, nduweni tataran kang meh padha amarga sastra uga psikologi padha-padha nyritakake manungsa. Bedane, sastra nyritake manungsa kang diciptakake (imajiner) dening pangripta, dene psikologi nyritakake manungsa kang diciptakake dening Pengeran kang ana ing alam kasunyatan. Mula saka kuwi, anggone nganalisis paraga sajrone karya sastra lan pamaragane, uga kudu nduweni dhasar teori lan hukum-hukum psikologi kang njlentrehake tumindak lan kapribaden (Wiyatmi, 2011:14). Analisis psikologi sastra tuwuh amarga sastra nduweni sesambungan karo prakara psikologi lan jiwane paraga.

Kaprigelane pangripta kang nggatkake antarane sastra lan psikologise ndadekake karya sastra katon endah. Salah sawijine pangripta kang nggambarake psikologis saka paragane yaiku Tiwiek SA. Novel kang dadi objek panliten iki minangka salah sawijine novel kang diripta dening Tiwiek SA kanthi irah-irahan “Carang-carang Garing” (sabajure ditulis CCG). Tiwiek SA luwih karan tinimbang asma jangkepe yaiku Suwigyo Adi. Panjenengane minangka pangripta kang produktif. Pangripta kang uga dadi kepala SD iku wiwitan ngarang ing taun 1972, arupa cerbung, cerkak, crita remaja, crita bocah, crita rakyat, lan sawetara artikel kang sumebar ing kalawarti basa Jawa, antarane: *Panjebar Semangat, Jaya Baya, Mekar Sari, Djaka Lodang, Pustaka Candra, Parikesit, Punakawan, Damarjati, Jawa Anyar lan Jemparing*. Saperangan karyane kang wis terbit dadi buku, kayata: *Carang-carang Garing* (novel 2009), *Trubus kang Mranggas* (antologi cerkak 2010), *Suminar* (novel 2012), *Guwa Banger* (novel 2013), *Nalika Rembulan Panglong* (novel 2014), *Pinatri ing Teleng Ati, Ing Satengahing Alas Brongkos* (novel 2015) uga karya-karya liyane. Dideleng saka akehe reriptane kasebut, mujudake bukti dene Tiwiek SA iku pangripta kang produktif.

Novel kanthi irah-irahan *Carang-carang Garing*, iki nduweni sesambungan kang onjo antarane paraga karo prakara kang disandhang. Prakara kang disandhang nyebabkake paragane nuwuhake sipate. Mula saka kuwi, novel *Carang-carang Garing* didadekake objek panliten iki. Paraga kang katon banget nuwuhake sipat lan temperamene sajrone novel *Carang-carang Garing* iki yaiku Suyatman lan Darmini, ananging sejatine paragane liyane uga nuwuhake sipat lan temperame. Sajrone panliten iki ora mung ngrembug paraga kang sipate katon onjo banget, ananging kabeh paragane uga bakal dirembug. Suyatman lan Darmini digambarake minangka wong kang nduweni sipate ora lumrah

kaya paraga ing novel utawa cerbung liyane kang nduweni watak becik, bisa ndadekake pamacane seneng marang sipate, nanging ora kanggo Suyatman lan Darmini sajrone novel *Carang-carang Garing* iki.

Psikologi asale saka tetembungan Yunani *psyche*, kang tegese jiwa lan *logos* kang nduweni teges ilmu miturut Athikson (sajrone Monderop, 2010:3). Dadi psikologi iku nduweni teges kang jembar yaiku ilmu kang nggulawentah salah bawane manungsa, dene psikologi ing sastra nyinaoni kahanan lan salah bawane paraga kang asipat imajinatif. Saka andharan iku cetha yen antarane psikologi lan sastra ana sesambungane. Mula saka iku, banjur ana disiplin ilmu psikologi sastra. Paraga lan salah bawane mujudake salah sawijine unsur karya sastra kang bakal dadi cikal bakale panliten psikologi sastra.

Panliten iki nggunakake titingan psikologi kapribaden. Psikologi kapribaden sejatine punjere saka psikoanalisis Sigmud Freud banjur dikrembakakake karo para ahli psikologi liyane salah sawijine yaiku Ludwig Klages (Minderop, 2010: 10). Teori psikologi kapribaden Ludwig Klages iki diajab bisa ngonceki kanthi rinci psikologine paraga, mligine Suyatman lan Darmini. Anane panulis nлити novel CCG nganggo teori kapribaden iki awit novel iki akeh ngrembug babagan sipat lan temperamene paraga kang kurang trep. Dene babagan sosial, katresnan, budaya lsp mung sethithik kang dirembug. Kang onjo sajrone novel iki yaiku kepriye sipat alane paraga saengga nuwuhake temperamene, mligine Suyatman lan Darmini anggone nglakoni tumindak kang nistha kanggo ngrekadaya wong liya supaya uripe kalorone bisa mulya. Prakara iku mau ana gayutane karo sipat, wujud temperamen, lan akibat tumrap paraga saka temperamene.

Miturut Klages, struktur kapribaden manungsa diperang dadi telu, yaiku: temperamen, pangrasa, lan daya ekspresi. Katelune nduweni sesambungan kang kuwat banget amarga miturut Klages struktur minangka sipat-sipat wujud utawa sipat-sipat formale. Saka struktur bisa ngerteni sipat lan problem kajiwane paraga (Suryabrata, 2012: 96). Saka katelu struktur kasebut ana salah sawijine unsur kang onjo yaiku temperamen kang asale saka sipat. Sajrone panliten iki, temperamen minangka unsur kang dirasa paling onjo sajrone jiwa paragane kang dadi punjere panliten.

Psikologi sastra ngrembug prakara kang ana sesambungane karo jiwane manungsa. Problem kajiwane manungsa asipat imajinatif. Nalikane pangripta ngripta crita ora uwal saka prakar-prakara kang disandhang dening paraga. Saka prakara-prakara kasebut banjur tuwuh disiplin ilmu kang ngrembug psikologi sastra, sajrone iku nлити paraga lan wewatakane kang dadi unsur pambangune karya sastra.

Panliten iki winates ing babagan psikologise paraga sajrone novel CCG anggitane Tiwiek SA. Ora nganti ngrembug kahanane pangriptane nalika nulis karyane. Panliten iki njupuk irah-irahan *Temperamene Paraga Sajrone Novel “Carang-carang Garing” Anggitane Tiwiek SA* amarga babagan kang paling onjo saka panliten iki yaiku temperamen kang ana sajrone jiwa paragane.

UNDHERANE PANLITEN

Adhedhasar lelandhesane panliten ing ndhuwur, mula kang dadi punjere panliten iki, yaiku:

- 1) Kepriye sipate paraga sajrone novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA?
- 2) Kepriye wujud temperamene paraga sajrone novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA?
- 3) Kepriye akibat tumrap paraga saka temperamene sajrone novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA?

TUJUWAN PANLITEN

- 1) Ngandharake sipate paraga sajrone novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA.
- 2) Ngandharake wujud temperamene paraga sajrone novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA.
- 3) Ngandharake akibat tumrap paraga saka temperamene sajrone novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA.

PAEDAH PANLITEN

- 1) Kanggo panyinaon sastra, panliten iki diajab bisa menahi sumbang sih kanggo ngrembakake kawruh telaah sastra mligine psikologi sastra.
- 2) Kanggo pamaca, panliten iki bisa digunakake kanggo nglestarekake sastra mligine sastra Jawa kang saya suwe saya cures. Bisa uga digunakake kanggo referensi tumrap sapa wae kang maca.
- 3) Kanggo panliten sabanjure, bisa kanggo referensi tumrap panliten.

WEWATESANE TETEMBUNGAN

Panliten kang bakal dilakoni iki winates saka crita kang ana sajrone novel *“Carang-carang Garing”* anggitane Tiwiek SA. kang diterbitake taun 2009.

PANEGESE TETEMBUNGAN

Panegese tetembungan ing kene, bakal negesi tembung-tembung wigati kang arep digunakake sajrone panliten, supaya pamaca ngerti isi panliten

iki. Wujud panegese tetembungan bisa kawawas kaya ing ngisor iki.

Sipat : Sipat minangka salah bawa lan tumindak kang dipangaribawani karo unsur-unsur kang ana sajrone diri pribadine manungsa. Sajone diri pribadi manungsa ana maneka werna sipat kang nduweni sesambungan antarane siji lan liyane (Ngalim, 2007: 143).

Temperamen : Sipat batin kang nduweni daya pangaribawa tumrap tumindak, pangrasa, lan pamikiran (Suryabrata, 2012: 96).

Kapribaden : Kapribaden kasusun saka unsur-unsur akal uga jiwa kang nemtokake salah bawa lan tumindake pawongan (Koentjaraningrat, 2013: 56).

Teori kapribaden Ludwig Klages : Teori kapribaden Ludwig Klages ngemot struktur kapribaden kang diperang dadi telu, yaiku: temperamen, pangrasa, lan daya ekspresi (Suryabrata, 2012: 94).

METODHE PANLITEN

ANCANGAN PANLITEN

Ancangan panliten dilakoni sadurunge nganalisis dhata utawa nindakake panliten, panliti perlu ngerancang apa kang arep ditliti lan ngerancang apa kang ditindakake kanggo nganalisis dhata supaya panliten kang ditindakake bisa becik. Rancangan kang dipilih kudu selaras karo variabel panliten. Sajrone panliten iki nggunakake panliten dheskriptif kualitatif. Bogdan lan Taylor (sajrone Moleong, 2006: 4) ngandharake yen metodhe dheskriptif mujudake prosedur panliten kang ngasilake dhata kualitatif arupa tembung-tembung kang katulis utawa kanthi lisan saka pawongan-pawongan utawa tumindake kang gampang ditliti. Ratna (2010: 47) ngandharake yen sajrone ilmu sastra, sumber dhatane awujud riptan sastra lan naskah. Dene dhata panliten, minangka dhata formal awujud tetembungan, ukara, lan wacana.

Panliten kualitatif nduweni tujuwan mujudake sawijine dheskripsi, gambaran kanthi sistematis, nyata lan akurat ngenani fakta-fakta, sipat sarta gegayutan karo pangripta kang ditintingi (Nasir, 1988: 63). Sajrone panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif amarga panliten iki ora nggunakake etung-etungan angka lan asile panliten awujud dheskriptif basa kang awujud tembung lan ukara.

SUMBER DHATA LAN DHATA

Sumber dhata lan dhata minangka perangan kang wigati sajrone panliten. Tanpa anane sumber dhata lan dhata mula panliten ora bisa ditindakake. Sumber dhata sajrone panliten yaiku subyek asale dhata. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku sumber dhata primer. Sumber primer yaiku sumber dhata kang langsung menahi dhata tumrap panliti (Arikunto, 2010: 128). Panliten iki nggunakake sumber dhata primer yaiku arupa novel, kanthi irah-irahan *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA kang diterbitake dening PT. Alfina Primatama Surabaya naten 2009.

Dhata panliten iki arupa ukara kang nuduhake sakabehe bab kang ana sesambungane karo panliten ngenani temperamene paraga sajrone Novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA kanthi nggunakake teori psikologi kapribaden Ludwig Klages. Ratna (2004: 47) ngandharake sajrone panliten sastra dhata formale awujud tembung, ukara uga wacana. Dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku tetembungan lan ukara kang ana gegayutane karo unsur sajrone novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA.

INSTRUMEN PANLITEN

Instrumen panliten kang digunakake sajrone panliten sastra yaiku panliti. Panliti sajrone panliten minangka instrumen kang utama. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang nggolek dhata, nganalisis dhata, lan nulis panliten iki. Mula saka iku panliti dadi instrumen utama sajrone panliten kualitatif. Moleong (2006: 19) ngandharake manungsa minangka instrumen panliten nduweni senjata kang kanthi cara luwes bisa digunakake kanggo menahi pambiji marang kahanan sarta bisa njupuk kaputusan dhewe. Panliten iki nggunakake manungsa minangka instrumen panliten.

TATA CARA PANGLUMPUKANE DHATA

Tata cara kang digunakake kanggo ngelumpukake dhata ora sembarangan, ananging manut tata cara tartamtu. Tata cara kang digunakake kanggo ngelumpukake dhata dening (Endraswara, 2008: 162-163) diperang dadi 3, yaiku: nemtokake unit analisis,

nemtokake dhata nyathet dhata. Tata cara teknik pustaka kang ditindakake ing panliten iki, yaiku: 1) maca lan ngerteni isi novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA, 2) nemtokake kedadeyan-kedadeyan kang bakal dili kang selarang karo isi novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA, 3) ngumpulake dhata kang sesambungan karo objek lan kedadeyan-kedadeyan kang diliti banjur dianalisis.

TATA CARA PANGOLAHE DHATA

Cara kang digawe ngolah dhata sajrone panliten iki nggunakake analisis dheskriptif kang nggulawentah babagan kang kinandhut ing unsur instrinsik miligine sajrone wujud temperamene paraga sajrone novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA. Dhata kang wis ana sabanjur dianalisis kanthi cara ing ngisor iki:

- 1) Ngandharake sipate paraga sajrone novel **CCG** anggitane Tiwiek SA. Panliten iki asipat obyektif ngandharake yen panliten nengenake karya sastra iku dhewe kanthi migatikake unsur instrinsik kang ana.
- 2) Ngandharake wujud temperamene paraga sajrone novel **CCG** anggitane Tiwiek SA, iku selaras karo teori kapribaden Ludwig Klages yaiku kanthi cara merang jinise temperamen dadi loro, yaiku temperamen sanguinis lan temperamen phlegmatis kang ana sajrone jiwa para paraga.
- 3) Ngandharake akibat saka temperamen kang ana sajrone jiwa para paraga kathi cara ngerteni wujud temperamen kang ana sajrone jiwa pribadine para paraga kasebut.

TATA CARA PANULISANE ASILE PANLITEN

Tata cara nulis panliten nuduhake upaya panulis kanggo nyuguhake asile analisis dhata. Asil analisis dhata disuguhake kanthi sistematika panulisan skripsi yaiku:

- BAB I: Ngandharake purwaka kang isine, yaiku: lelandhesane panliten, undherane panliten, ancane panliten, paedahe panliten, lan wewatesane tembung.
- BAB II: Ngandharake tintingan kapustakan, yaiku: panliten sadurunge kang saemper, sastra lan psikologi, psikologi sastra, teori kapribaden Ludwig Klages, problem kajiwane paraga, temperamen.
- BAB III: Ngandharake metodhe panliten, yaiku: ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrumen panliten, teknik pengumpulane dhata, teknik analisis dhata, lan cara panulisan asile panliten.

- BAB IV: Ngandharake asile yaiku andharan kang isine analisis saka asile panliten.
- BAB V: Ngandharake panutup kang isine dudutan lan pitedah.
- KAPUSTAKAN: Nuduhake buku-buku sumber utawa buku referensi kang nunjang proses panliten psikologi sastra.
- LAMPIRAN: Isine sinopsis crita novel *Carang-carang Garing* anggitane Tiwiek SA.

ANDHARAN PANLITEN

SIPATE PARAGA SAJRONE NOVEL CCG ANGGITANE TIWIEK SA.

AMBISIUS

Ambisius minangka salah sawijine sipat kang diduweni paraga kang ana sajrone novel *CCG*. Ambisius iki sipat kang diduweni paraga Darmini lan Suyatman. Kalorone kasebut nduweni sipat kang kaya mangkono iku, amarga nduweni samubarang kang pengin digayuh. Bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Ing njero bis wiwit mikir-mikir. Kepriye ya olehe kandha marang Bambang mengko? Ah muga-muga Bambang gelem tanggung jawab jumbuh karo janjine. Saiba mulya lan bagyane lamun klakon dadi bojone bambang temenan. Bambang mono rak anake pemborong sugih. Uripe mbesuk mesthi kepenak ora bakal kacingkrangan. Ah, yen klakon temenan adhi-adhine arep disekolahake menyang kutha kareben dadi bocah pinter. Ora kaya dheweke sing mung trima tamatan sekolah dhasar. Njur bapake dikon leren wae olehe dadi tukang mbecak. Rak ora pantes, wong anake mantu dadi pemborong sugih kok maratuwane mung tukang mbecak.”
(*CCG*, kaca-4)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen Darmini ambisius tumrap Bambang. Darmini nduweni pangarep-arep bisa dadi bojone pemborong sugih yaiku Bambang. Saiba bagya lan mulya yen Darmini bisa dadi bojone Bambang. Darmini nduweni pamikiran yen dadi bojone Bambang uripe bakal mulya lan ora kacingkrangan maneh. Yen klakon dadi karo Bambang adhi-adhine bakal disekolahake menyang kutha supaya dadi bocah pinter ora kaya Darmini kang mung tamatan Sekolah dhasar. Ora mung adhine, bapake uga arep dikon leren olehe dadi tukang mbecak.

GAMPANG PERCAYA

Gampang percaya minangka salah sawijine sipat kang diduweni paraga sajrone novel *CCG*, yaiku Darmini. Darmini minangka gadis desa kang lugu percaya banget marang apa kang diucapake dening Bambang. Bambang yaiku pemborong kang mbangun kreteg ing wetan omahe Darmini. Bambang kang jare nduweni rasa tresna marang Darmini. Semana uga Darmini kang uga bisa kepicut marang Bambang. Nganti ana kedadeyan kadurakan. Darmini kepeksa pasrah bongkokan nalika wis ora kuwat nahan hardaning rarasmara, ketang pintere si kumbang kang sejatine mung butuh ngisep madu. Sejatine ana sapletik rasa getun, ananging kabeh mau wis kabirat dening omongane Bambang kang saguh lan enggal nembung marang wong tuwane Darmini. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Ra sah kuwatir Dhik, aku mesthi ndang nembung marang wong tuwamu. Pokoke Dhik Darmini mesthi dadi bojoku,” ngono janjine Bambang.
(*CCG*, Kaca-12)

Pethikan ing ndhuwur minangka pangucapne Bambang nalika arep nglakoni tumindak asusila marang Darmini. Bambang kandha marang Darmini yen Darmini ora usah kuwatir marang tumindak sing dilakoni iki amarga Bambang mesthi nembung Darmini marang wong tuwane. Bambang uga ngucap janji marang Darmini yen Darmini bakal dadi bojone Bambang.

ANDHAP ASOR

Andhap asor yaiku sipat kang bisa ngajeni awake dhewe utawa wong kang ora gampang gumedhe. Andhap asor iki uga sipat kang diduweni paraga sajrone novel *CCG*, yaiku Heru, Lik Sumi, Bulik Tutik, Darminah, Adri, lan Mbok Rah. Wong-wong kasebut nduweni sipat andhap asor amarga ngerteni ngenani solah bawa. Dina minggu sore ana mobil safari mandheg neng latare Suyatman. Wong loro lanang wadon mudhun, kepetung isih rada enom. Ora liya dhayoh sing teka ing omahe Suyatman yaiku Camat Heru lan Tutik. Iku minangka adhi ipene. Darminah lan Darmini padha katon bungah nalika didhayohi, ananging uga ana sapletik rasa wedi ing atine Darminah. Ing kono Tutik crita marang Darminah kang ora liya mbak Yune kasebut ngenani jamu kang diwenahi Darminah. Tutik nyeritakake sapungkure ngombe jamu kasebut awake katon seger lan doyan mangan. Heru uga crita yen jamune manjur banget lan arep pesen maneh. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Yu, jamu olehmu menchi kae jan mandi tenan. Bubar ngombe awakku krasa sumriwing penak, rasa aras-arasen ilang blas. Bubar iku aku bali seneng maneh. Mangka sadurunge ngombe jamu pawewehmu ora doyan mangan. Mbok aku dipesenke maneh ta Yu,” pratelane Tutik.

“Leres Yu, panci manjur saestu kok jampine nika. Nggen kula ngriki niki wau enggih ming betah pesen jampi niku,” panyelane Dhik Camat (CCG, Kaca-37)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen jamu kang diwenehi Darminah kasebut mandi tenan. Tutik crita marang Darminah yen bubar ngombe jamu pawewehe awake krasa sumriwing penak, rasa aras-arasene ilang blas lan doyan mangan maneh. Mangka sudurunge ngombe jamu kasebut ora doyan mangan. Ing kono Heru uga kandha yen jamu kasebut manjur banget. Saperlune kekarone ing ngomahe Suyatman yaiku pengin dipesenake jamu iku mau maneh.

MANUT

Manut minangka salah sawijine sipat kang diduweni paraga sajrone novel CCG, yaiku Darminah. Darminah minangka pawongan kang manut banget karo bojone. Apa kang dipintah dening Suyatman dilakoni tanpa mikirake iku becik utawa ala. Salah sawijine dina Darminah crita marang Suyatman yen Tutik wis ngandhut telung wulan. Ing kono Darminah katon bungah banget amarga apa kang dadi pepenginane adhine wis bisa katurutan lan kanthi ngandhute iku bebrayane adhine tansaya rosa. Beda tumanggape Suyatman, Suyatman katon ora seneng amarga ngandhute Tutik iku mung becik kanggone Tutik ora kanggo Suyatman luwih-luwih kanggone Darmono iku dirasa ala banget. Kanthi ngandhute Tutik ateges Darmono angel anggone ngepek kamukten saka Bapak angkate, yaiku Heru. Banjur Suyatman nduweni panemu yen kandhutane Tutik kudu digugurake. Darminah ora ngerti karo apa kang dadi panemune Suyatman. Darminah babar pisan ora ngira yen Suyatman nganti nduweni panemu kang kaya mangkono. Banjur Darminah mikir apa kang dikandhakake Suyatman. Miturut Darminah apa kang dikandhake Suyatman iku ana benere. Miturute Darminah, yen Tutik ora nduwe anak nganti tuwa mesthi uripe Darmono uga bakal mulya. Banjur Darminah takon marang Suyatman kepriye carane nggugurake kandhutane Tutik. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Pak, yen pancen wetenge Tutik kudu digugurne njur cara nggugurne kuwi priye? Apa ya Tutik njur gelem ngono bae kon nggugurne kandhutane. Wong olehe nyidam anak wis suwe,” ujare Darminah. (CCG, Kaca-16)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen Darmini sarujuk karo apa kang dipengin dening Suyatman. Ing kono Darmini takon marang Suyatman cara apa kang bakal digunakake kanggo nggugurake kandhutane Tutik. Darminah uga takon apa gelem yen Tutik dikongkon digugurake kandhutane amarga Tutik wis suwi banget anggone nyidam. Sejatine Darminah ya ngrasa rada abot yen dikon gugurake kandhutane adhine ananging iku mono uga kanggo kabecikane kaluwargane Darminah luwih-luwih kanggo Darmono.

WUJUD TEMPERAMENE PARAGA SAJRONE NOVEL CCG ANGGITANE TIWIEK SA. TEMPERAMEN SANGUINIS NGUNTAKE RASA TANPA DITIMBANG-TIMBANG

Ngutabake rasa tanpa ditimbang-timbang sajrone novel CCG ditandang dening paraga Suyatman, Darmini, lan Bambang. Katelune nduweni temperamen kang kaya mangkono iku amarga pengin ngayuh pepenginane. Tuladhane kaya Darmini kang sadalandan wis mikirake endahe nalika bisa ketemu Bambang lan bisa blaka ngenani kahanane Darmini saiki, ananging kabeh kasebut muspra nalika Darmini wis ketemu Bambang. Angen-angen endah kang digambarake mung dadi panase ati. Pethikane bisa dideleng ing ngisor iki.

“Aku tekan kene butuh ketemu panjenengan Mas,” ujare Darmini Semu ngroyok. Mripate manther nyawang priya ing ngarepe. Dhadhane wiwit umrik jebul pagentha-enthane neng dalan mau ora cocog karo kanyatane. Patrape Bambang adoh karo apa kang digambarake. (CCG, Kaca-6)

“Pangapurane ya yen patrapku iki dianggep kurang sopan. Aku kepeksa matur neng kene lan muga-muga mase iki kersa dadi seksi temenan,” ujare Darmini karo nglirik Bud sakeplasan nuli mbacutake guneme, “Ngene mas, cekak aos ae. Tekaku iki butuh nagih janjimu. Butuh ulurane tanggung jawabmu. Jane aku wis suwe ngenteni rawuhmu sing jare mung sesasi. Nyatane? Nganti telung sasi kliwat janji kuwi jebul pus! Iki maeng aja

nekad mrene tangeh isa ketemu panjenengan. Ngene Mas, panjenengan kudu ndang nembung nyang wong tuwaku. Aja nganti kesuwen.”
(CCG, Kaca-7)

Pethikan ing dhuwur ngandharake angen-angene Darmini ing njero bisa muspra amarga patrape Bambang nalika ketemu Darmini adoh saka kang wis ginambar ing angen-angene Darmini. Nalika panas atine Darmini metu, Darmini kandha marang Bambang yen tekane mrana kasebut mung butuh kanggo nagih janjine. Butuh tanggung jawab. Sejatine wis suwe Darmini ngrantu tekane Bambang menyang omahe sing jarene mung sesasi, ananging nganti telung sasi kliwat Bambang ora mara menyang omahe Darmini. Nganti Darmini nekad supaya bisa ketemu Bambang. Darmini mung pengin Bambang ndang mara menyang omahe Darmini lan nembung menyang wong tuwane. Ora nganti kesuwen.

MERJUANGAKE SAKABEHE PEPENGINANE

Merjuangake sakabehe pepenginane sajrone novel CCG ditandang dening paraga Suyatman lan Darmini. Kalorone nduweni temperamen kang kaya mangkono iku amarga pengin merjuangake sakabehe pepenginan kang wis diangen-amgen. Tuladhane kaya pethikan ing ngisor Darmini arep mateni Bambang. Sejatine Darmini ora tegel nindakake kasebut saumpama atine ora digawe serik, nanging iki Darmini wis digawe lara ati dening Bambang. Kepeksa banget Darmini kudu nglakoni tumindak kasebut. Bambang dipateni nganggo peso tekuk kang tansah sumimpen ing tase Darmini. Sabubare iku Darmini resesik awak lan mbuwang celdam-e amarga kecipratan getih. Rampung adus lan sawise dandan. Darmini nguras dhompete Bambang. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Mas, Darmini dudu tukang mateni uwong. Lan ora bakal tegel nindakake saumpama ora digawe serik atine. Ning saiki kepeksa Mas! Kepeksa!” Darmini ngranggeh tase. Semu kesusu tas iku dibukak. Peso tekuk sing tansah sumimpen ing njero dijupuk. Banjur dianggar. Sabanjure kanthi dhadha gumuruh, mripat mencereng adreng, peso mingis-mingis iku katujukake kaprenah kecer atine Bambang. Jrus! Diambali maneh, jrus! Sakala getih waras muncrat! Bambang dhewe ora kober sambat. Kejet-kejet sedhela wusana tinjo akherat! Darmini lega. Laraning ati wis entuk

tamba. Sateruse, layone Bambang diprenahake. Ditata amrih ora ngetarani. Getih kang mblambang ditutupi. Nuli dikemuli brukut. Disawang sabrebetan kaya wong turu lumrah. Bubar iku Darmini mlebu toilet, saperlu resesik awak. Mung sadurunge nyiram awake, luwih dhisik mung mbuwang celda-me kang kecipratan getih, ing urung-urung dalan banyu. Prekara gantine sing dibuwang, gampang. Awit yen entuk panggilan ngono kuwi Darmini ajeg nggawa salin. Bubar iku lagi nyiram awake. Getih kang nyripati awake disabun resik.

“Mas, kowe rak ra mbutuhne dhuwit maneh. Rilakna dhuwitmu dakgawa kabeh,” grenenge karo mesem. Bubar dikuras isine, dhompet kang mung kari isi SIM, STN lan kertu nama iku dibalekake ing sak clanane Bambang maneh. rampung iku nuli metu saka kamar, lawange dikunci, kuncine dibuwang ing papan uwuh.
(CCG, Kaca-63)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen Darmini wis bisa ngambani lara atine marang Bambang. Darmini kepeksa mateni Bambang. Bambang dipateni nggunakake peso tekuk kang tansah sumimpen ing tas Darmini. Kanthi dhadha kang gumuruh lan mripat mencereng adreng, peso mingis-mingis iku katunjukake kaprenah kecer atine Bambang. Dibaleni nganthi ping pindho. Sakala getih waras muncrat. Bambang ora kober sambat mung kejet-kejet sedhela. Sabubare iku layone Bambang diprenahake supaya ora ngetarani. Getih kang blambang banjur ditutupi. Sapungkure iku Darmini resesik awak, mung sadurunge nyiram awake luwih dhisik mbuwang celdam-e liwat dalane banyu. Getih kang nyiprati awake disabun resik. Rampung adus lan dandan. Darmini nguras dhompete Bambang. Dhuwit sagebog ing njero dhompet disuntak ing njero tase, mung disisakake SIM, STN lan kertu nama dibalekake ing njero sak clanane.

TEMPERAMEN PHLEGMATIS NJINGGLENGI KASUNYATAN

Njingglengi kasunyatan minangka perangan saka temperamen phlegmatis. Kang nduweni temperamen phlegmatis sajrone novel CCG ditandang dening paraga Darminah, Heru, Dhokter Mustofa, lan Adri. Paraga-paraga kasebut nduweni tempamen kang kaya mangkono

amarga paraga-paraga kasebut ndeleng sakabehe iku lumantar kasunyatan kang ana lan temperamen kasebut tuwuh amarga padha karo kang ana ing kasunyatan. Tuladhane kaya pethikan ing ngisor iki. Nalika Darminah ora trima yen Darmini diunen-unen dening Suyatman amarga Suyatman iku minangka wong kang ora gelem kalah lan ora gelem ngalah. Nalika Darminah genti ngunen-unen Suyatman, Suyatman nesu. Darminah uga ora gelem kalah tetep ngunen-unen Suyatman. Nalika Darminah mlaku menyang pawon. Darminah ngunen-unen yen Suyatman iku wong kang cubluk, ora gelem ngalah. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Wong lanang cubluk! Dhek’e dhewe sing ra bener kok anake sing salahne! Anggepe njaluk menangan dhewe. Huh!”
(CCG, Kaca-66)

Pethikan ing ndhuwur ngadharake yen Darminah genti ngunen-unen Suyatman. Darminah kandha yen Suyatman iku minangka wong lanang kang cubluk. Wong lanang kang ora gelem ngalah lan ora gelem ngalah. Mung bisane njaluk menangan. Sanadyan sing salah Suyatman ananging Suyatman tetep nyalahkake wong liya. Luwih-luwih iki malah nyalahkake Darmini amarga Darmini anggone kirim dhuwit telat.

PAMIKIRE KONKRIT

Pamikir konkrit minangka perangan saka temperamen phlegmatis. Kang nduweni temperamen phlegmatis sajrone novel *CCG* ditandang dening paraga Darminah, Heru, Tutik, Adri. Paraga-paraga kasebut nduweni tempamen kang kaya mangkono amarga paraga-paraga kasebut nduweni pamikiran adhedhasar kasunyatan. Adhedhasar kasunyatan kang ana kasebut paraga-paraga kasebut nduweni pamikir kang konkrit. Tuladhane kaya pethikan ing ngisor iki. Nalika Darmini telat anggone kirim dhuwit lan dhuwit kiriman saka Darmini entek amarga digunakake Suyatman kanggo udhu buntut saben dina. Iku nyebabkake Suyatman dadi muring-muring lan omongane clemang-clemong. Ing kono Suyatman kandha yen Darmini wis lali karo wong tuwane. Darmini uga diunen-unen minangka bocah kang kurang ajar. Darminah sing keprungu omongane Suyatman dadi nesu. Darminah ora trima yen Darmini diunen-unen amarga anggone Darmini telat kirim dhuwit ya mung lagi sesasi. Ing kono Darmini nduweni panemu sapa ngerti yen Darmini sasi iki durung antuk bayaran utawa dhuwite digunakake kanggo kabutuhan liyane. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Pak, kowe ki omong apa? Guneman kok angger ae! Darmini telat kirim rak ya lagi sasi iki. Ngono kok wis diarani sing ora-ora. Sapa ngerti Darmini rung bayaran. Utawa dhuwite digunakake nggo kepentingan liya. Karo maneh sing salah ki rak ya kowe dhewe. Jeneh dhuwit pira-pira ambblas ra temaja. Mesthine rak ya ngengeh. Dadi dhong telat ngene iki eneng sing djibne!” aloke Darminah jalaran serik anake diunek-unekake.
(CCG, Kaca-66)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen Darminah ora trima nalika Suyatman ngunen-unen Darmini. Darminah genti ngunen-unen Suyatman. Ing kono Darminah ngunen-unen Suyatman yen ngomong angger wae. Darminah kandha yen Darmini telat anggone kirim dhuwit ya mung lagi sasi iki. Ngono kok Suyatman wis ngunen-unen sing ora-ora. Darmini ora kirim dhuwit sapa ngerti amarga Darmini durung bayaran utawa dhuwite kanggo kabutuhan liya. Sejatine kabeh iku ya salahe Suyatman dhewe amarga dhuwit pira-pira ambblas ora temanja. Kudune lak ya ngengeh supaya yen Darmini telat anggone kirim dhuwit isih ana sing dijibne. Iku unen-unene Darminah marang Suyatman. Darminah ngunen-unen Suyatman kaya mangkono amarga Darminah serik yen anake diunen-unen dening Suyatman.

AKIBAT TUMRAP PARAGA SAKA TEMPERAMENE WEDI

Wedi iki minangka salah sawijine akibat saka temperamene paraga sajrone novel *CCG*. Pangrasa wedi iku diduweni dening paraga Suyatman. Sawise Suyatman kasil maeka Wawan nganti mati. Dumakan tuwuh rasa wedi Suyatman. Wedi yen tumindake iku dikonangi wong utawa pulisi. Suyatman bathin pancen bener tumindake kanggo maeka Wawan mau ora ana sing weruh, ananging ora mungkin yen Heru iku meneng wae. Heru mesthine bakal miyak rajapati. Yen pulisi kasil meruhi manawa sing mateni Wawan iku Suyatman. Suyatman bakal dicekel lan dikunjara. Suyatman binggung karepe dhewe. Becake dilebokake njero ngomah supaya pulisi ora ngerti yen Suyatman neng njero omah. Banjur Suyatman bali melbu senthong. Suyatman oleh wedi nganti nggawe sandiwara yen Suyatman lagi lara. Sawise iku dumadakan keprungu lawang didhodhog saka njaba. Suyatman njola, jantungen copot sanalika. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Cekekal Suyatman menyat banjur ngener lawang. Nginjen sedhela, metara kahanan.

Ngrasa aman banjur mengakake lawang semu kesusu. Becake neng tritisan disurung melbu ngomah. Sabanjure lawang ditutup maneh malah banjur dikunci. Bubar kuwi dheweke bali menyang sethonge. –Aman, pulisi ora bakal ngerti yen aku ing njero omah. Kok umpama digropyok, aku isa gawe alasan yen wiwit wingi ora mbecak jalaran lara, -ngono greneng batine Suyatman.”

“Pawadan lara, sumedya kanggo nduwa pandakwane pulisi, kok umpama pulisi ing mengkone ndakwa dheweke. Pawadan iku dirasa paling mathuk. Mikir ngono dheweke gage nyaut sarung lan andhuk cilik sing kulina kanggo lap, njur golek waskom diiseni banyu. Andhuk kumel mambu keringet iku dicelup banyu waskom. Bubar iku dheweke turu mujung kemulan sarung, bathuke dikompres. Beres, -batine Suyatman.”

“Kurang luwih seprapat jam candhake, keprungu swara lawang didhodhod saka njaba. Suyatman njola, jantungge kaya copot sanalika. Pulisi? Batine. Mbatin ngono anggone kemulan saya brukut, malah banjur nggruguh-nggruguh.”
(CCG, Kaca 81)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen Suyatman wedi banget. Wedi yen tumindake kasebut bisa konangan dening pulisi. Suyatman binggung karo apa kang kudu dilakoni supaya pulisi ora ngonangi tumindake. Becake sing neng njaba dilebokake neng njero ngomah banjur Suyatman melbu neng sethonge. Suyatman uga nganti pawadan lara supaya pulisi percaya yen Suyatman wiwit wingi ora mbecak amarga lara. Pawadan lara dirasa pawadan kang mathuk kanggo nduwa pandakwane pulisi. Mikir kang kaya mangkono iku Suyatman karo nyaut sarung lan andhuk cilik sing kulina digunakake kanggo lap. Banjur Suyatman golek waskom kanggo wadhahe banyu. Adhuk cilik kucel kang mambu keringet kasebut dicelupake banyu waskom. Sawise iku Suyatman turu mujung kemulan sarung, bathuke dikompres. Iki kang dirasa cara paling aman kanggo Suyatman. Dumadakan kurang luwih seprapat jam candhake, keprungu swarane lawang didhodhod saka njaba. Suyatman njola, jantungge kaya-kaya copot. Suyatman mbatin apa iku pulisi.

GETUN

Getun minangka salah sawijine akibat kang diduweni dening salah sawijine paraga sajrone novel CCG. Paraga kang nduweni rasa getun yaiku Suyatman. Suyatman ngrasa getun banget sawise nglakoni tumindak degsiya marang Wawan. Suyatman ngarasa apa kang dilakoni kasebut kebak dosa. Suyatman tumindak kaya mangkono marang Wawan amarga pepenginan Suyatman, Wawan iku bisa ilang saka donya supaya ora ngalangi anggone Darmono ngepek kamuktene Heru. Suyatman tega mateni Wawan uga mung pengin males tumindake Heru kang nate nyabeti Darmono nganggo gagang kemucing nganti nggaler nalika Darmono nibakake Wawan. Bareng saiki kabeh wis klakon lan Suyatman bisa dicekel pulisi tuwuh rasa getune Suyatman. Sawijine dina Heru lan Tutik diundang teka ing kantor kapulisen. Ing kono Heru lan Tutik dikongkon mara neng kantor kapulisen amarga ana bab wigati kang bakal dirembung. Bab wigati kasebut ngenani patine Wawan. Letnan Tarmuji kang ngurusi prakara matine Wawan kandha yen patine Wawan ora murni amarga kacilakan, ananging ana sing pancen niat maeka Wawan. Wong kang maeka Wawan saiki wis kecekel. Suyatman kang maune tumungkul banjur tumenga nyawang adi ipene lan pepreyan kasebut. Suyatman kandha marang Heru lan Tutik yen pancen bener matine Wawan iku ana sing maeka. Dudu wong liya, ananging Suyatman dhewe. Suyatman kandha yen wektu iku Suyatman pancen khilap. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Leres Dhik, pancen pejahe thole Wawan nika onten sing maeka. Dede tiyang sanes, nanging...nanging kula kiyambak. Wekdal niku kula pancen khilap. Pramila Dhik Camat lan kowe Tut.. kula nyuwun pangapunten. Kula rumaos getun... lan rumaos dosa. Saniki... saniki kula manut dinapakna mawon mboten ajeng suwala. Diukum pati kula rila.”
(CCG, Kaca-115)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen Suyatman wis ngakoni tumindake. Suyatman kang pancen maeka Wawan. Patine Wawan dudu murni kacilakaan. Suyatman kandha marang Tutik lan Heru yen ing wektu iku Suyatman khilap. Suyatman uga njaluk sepuran marang Tutik lan Heru. Saiki Suyatman ngrasa getun lan ngrasa dosa. Suyatman mung bisa manut ora arep suwala. Diukum pati Suyatman uga rila.

PASRAH

Pasrah minangka akibat saka tumindak kang wis dilakoni. Pasrah minangka akibat kang ditandang dening

paraga sajrone novel *CCG*. Paraga kasebut yaiku. Suyatman lan Darmini. Suyatman lan Darmini kudu pasrah marang sakabehe tumindak kang dilakoni. Suyatman pasrah marang pulisi amarga Suyatman wis konangan anggone ngrekadaya Wawan nganti mati. Nalika esuk omahe Suyatman diparani pulisi. Ing kono Suyatman digoleki pulisi amaga pulisi wis ngerti pawongan kang gawe patine Wawan, ora liya iku Suyatman. Nalika omahe digrebek dening pulisi Darminah uga ora bisa selak. Suyatman sing ana ing njero kamar uga mung bisa pasrah. Suyatman ora nduwe pilihan liya. Pancen bener yen otote Suyatman kasebut pethekel, sikile uga kuwat. Ning ana kahanan kang kaya mangkene Suyatman ora nduwene daya. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Suyatman ora nduwe pilihan. Arep bangga ya mesthi bakal disembadani. Tur maneh, sing arep kanggo bunci bangga apa bae. Bener otote pating pethekel, sikile kuwat. Umpama niat gelut uleng, dheweke durung karuwan kalah. Ning ing kahanan saiki dheweke ora nduweni daya. Otot bayune kaya dilolosi. Umpama arep bangga, utawa arep mlayu, genah muspra. Salah-salah malah didhor! Nek langsung theg seg ngono karuwan. Hla yen sing didhor sikile, rak nglamat buntung. Hiii...!”

“Sing paling becik nyerah bae. Tarah dheweke salah. Sing sapa salah rak kudu seleh! Kanthi pikiran iku dheweke banjur metu saka longan.”

(*CCG*, Kaca-105)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen Suyatman mung bisa pasrah marang apa kang wis dilakoni. Nalika omahe digrebek pulisi Suyatman ndelik ana longan. Suyatman dideleng saka awake pancen kuwat. Nduwe otot kang pating pethekel lan sikil kang kuwat. Nanging ing kahanan kaya mangkene Suyatman ora nduweni daya. Upama arep mlayu genah muspra. Salah-salah malah didhor sikile. Yen didhor langsung mati ora dadi ngapa miturute Suyatman, ananging yen sikile buntung nglamat malah ora bisa apa-apa. Kanthi pikiran kang kaya mangkono iku Suyatman mung bisa pasrah. Pancen Suyatman salah lan kudu gelem ngakoni kaluputane.

PANUTUP

DUDUTAN

Dudutan kang bisa dijupuk saka asile panliten kanthi irah-irahan *Temperamene Paraga Sajorne Novel*

“Carang-carang Garing” Anggitane Tiwiek SA. (Tintingan Psikologi Kapribaden Ludwig Klages). Ana telung prekara kang bisa kandharake:

1) Papat sipat kang diduweni dening paraga. Ambisius, sipat iki diduweni dening paraga Suyatman lan Darmini. Suyatman lan Darmini nduweni sipat kang kaya mangkono amarga kekarone kepengin pepinganane bisa mawujud. Sipat kaloro, gampang percaya. Sipat iki diduweni dening Darmini. Darmini percaya wae marang apa kang dikandhakake Bambang tanpa mikirake apa kang bakal kedadeyan ing tembe mburi. Sipat ambisius lan gampang percaya iku ana sesambungane karo temperamen sanguinis. Katelu, sipat andhap asor. Sipat iki diduweni dening paraga Heru, Tutik, Darminah. Lik Sumi, Adri lan Mbok Asor. Sipat andhap asore tuwuh amarga paraga-paraga kasebut bisa ngajeni awake dhewe lan bisa ngajeni wong liya. Banjur manut. Sipat iki mung diduweni dening paraga Darminah. Darminah manut karo apa kang dikongkon dening Suyatman sanadyan iku ala. Sipat andhap asor lan manut iku ana sesambungan karo temperamen phlegmatis.

2) Wujud temperamene paraga. Wujud temperamene paraga adhedhasar Teori Kapribaden Ludwig Klages diperang dadi loro yaiku temperamen sanguinis lan temperamen phlegmatis. Temperamen sanguinis diperang maneh dadi loro yaiku nguntabake rasa tanpa ora ditimbang-timbang lan merjuangake sakabehe pepenginanane. Nguntabake rasa tanpa ditimbang timbang lan merjuangake sakabehe pepenginanane iki ditandang dening paraga Suyatman lan Darmini. Kekarone nduweni temperamen kang kaya mangkono amarga kekarone padha-padha nduweni pepenginan kang kudu mawujud. Pepenginanane padha-padha diuntabake kanthi cara kang ora becik. Dene temperamen phlegmatis ditandang dening Heru, Tutik, Darminah, Adri. Temperamen phlegmatis uga diperang dadi loro yaiku njingglengi kasunyatan lan pamikire konkrit.

3) Akibat tumrap paraga saka temperamene paraga. Akibat-akibat tumrap paraga iku tuwuh saka temperamen sanguinis ing perangan merjuangake sakabehe pepenginanane. Kanggo merjuangake sakabehe pepenginanane iku Suyatman lan Darmini padha-padha tega mateni wong. Darmini tega mateni Bambang kang ora liya pemborong kang wis menehi wiji neng wetenge, ananging ora gelem ngakoni. Dene Suyatman tega mateni Wawan kang ora liya ponakane dhewe. Suyatman mateni Wawan amarga Suyatman pengin supaya Darmono bisa diaku anak dening Heru. Kanthi cara kaya mangkono

dianggh Suyatman bisa njupuk kamuktene lan bandhane Heru. Sawise nglakoni tumindake kasebut kalorone padha-padha nrima akibate. Akibat kang ditandang saka tumindake kasebut yaiku wedi, getun lan pasrah.

PAMRAYOGA

Panliten tumrap Novel *Carang-Carang Garing* anggitane Tiwiek SA. iki mujudake jangkah kapisan kang bisa ditliti maneh. Perangan kang andharake ing babagan sadurunge mung nliiti mligi paraga kang ana sajrone novel *Carang-Carang Garing* kanthi tintingan psikologi sastra. Mula isih akeh tintingan liya kang bisa digunakake kanggo nliiti. Tintingan sabanjure diajab bisa nliiti lan ngonceki novel *Carang-Carang Garing* kanthi panliten kang luwih jero.

Novel *Carang-Carang Garing* anggitane Tiwiek SA. iki akeh-akehe ngrembug ngenani Darmini lan Suyatman. Darmini lan Suyatman nglakoni tumindak nyebal saka asusila yaiku tega mateni wong. Tumindak kasebut dilakoni amarga Darmini lan Suyatman padha-padha pengin merjuangake pepenginanane. Pepenginanane Darmini bisa wales wirang lan lara atine kanthi cara mateni Bambang. Dene Suyatman pengin bisa nempil kamukten lan bandhane Heru kanthi cara mateni Wawan. Sadurunge kekarone uga nduweni sipat kang padha yaiku padha-padha nduweni pepenginan kang gedhe. Saka sipate kasebut tuwuh temperamene yaiku temperamen sanginuis. Sabanjure kekarone nanggung akibat saka tumindake yaiku wedi, getun lan pasrah.

Saka panliten iki, muga bisa nuwuhake gregete pamaca supaya ora niru tumindake Darmini lan Suyatman kang merjuangake pepenginanane kanthi cara ora becik. Tumindak kang ora pantes ditrepkake ana ing panguripan sadina-dina. Panliten iki uga diajab bisa menahi sumbang sih marang khasanah panliten sastra Jawa mligine kanthi tintingan psikologi sastra, mligine ana ing teori kapribaden Ludwig Klages.

Panliti uga sadhar yen panliten tumrap novel *Carang-Carang Garing* anggitane Tiwiek SA. iki adoh saka kasampurnan. Mula panliti mbutuhake kritik lan saran kanggo njangkepi lan mbangun panliten iki supaya bisa dadi panliten kang luwih becik. Matur nambah nuwun.

KAPUSTAKAN

Alwisol. 2004. *Psikologi Kepribadian*. Malang: UMM Press.

Aminuddin. 2010. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo

Arikunto, Suharsini. 2008. *Prosedur Penelitian Suatu Pamarekan Praktik (Edisi Revisi VI)*. Jakarta: PT. Asdi Mahastya

Darni. 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern*. Surabaya: Bintang

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Jogjakarta: Pustaka Widyatama

_____. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra (Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi)*. Yogyakarta. MedPress

Hardjana, Andre. 1985. *Kritik Sastra Sebuah Pengantar*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama

Koentjaraningrat. 2013. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka cipta

Minderop, Albertine. 2010. *Psikologi Sastra: Karya Sastra, Metode, Teori, dan Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia

Moleong, Lexy J. 2000. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung. Remaja Rosdakarya

Ngalim, M. Purwanto. 2007. *Psikologi Pendidikan*. Bandung: Remaja Rosdakarya

Poedjawijatna, I.R. 2000. *Ilmu Watak Manusia Yang Ideal*. Jakarta: Rineka Cipta

SA, Tiwiek. 2009. *Carang-carang Garing*. Surabaya: PT. Alfina Primatama

Sariban. 2009. *Penelitian Sastra Teori dan Penerapannya*. Surabaya: Lentera Cendikia

Stanton, Robert. 2012. *Teori Fiksi Robert Stanton*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Suryabrata, Sumadi. 2008. *Psikologi Kepribadian*. Jakarta: PT. Grafindo Persada

Pradopo, Rachmad Djoko. 1995. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

_____, dkk. 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: PT Hanindita Grahawidia

Pusat Bahasa. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka

Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Wiyatmi. 2011. *Psikologi Sastra: Teori dan Aplikasinya*. Yogyakarta: Kanwa Publisier

Teeuw, A. 1983. *Membaca dan Menilai Karya Sastra*. Jakarta: Gramedia

_____. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: PT. Dunia Pustaka Jaya

